



Pou Piblikasyon Imedya: 29/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

SEKRETÈ GOUVÈNÈ A MELISSA DEROSA PIBLIYE RAPÒ BAY GOUVÈNÈ CUOMO KI EKSPoze REKÒMANDASYON INISYAL GWoup TRAVAY SOU MATÈNITE COVID-19 LA

Gouvènè a aksepte rekòmandasyon gwoup travay la yo konplètman

Rekòmandasyon yo enkli mezi pou divèsifye opsyon sit akouchman yo ak sipòte chwa pasyan yo; pwolonje peryòd tan yon moun pou sipò ki an sante ka akonpanye yon manman apre akouchman an; egzije tès pou tout Nouyòkè ki ansent yo; asire ekite nan opsyon akouchman yo; kreye yon kanpay edikasyonèl; ak revize konsekans COVID-19 sou gwosès ak tibebe ki fenk fèt yo ak anfaz espesyal nan redui disparite rasyal nan mòtalite matènèl

Baze sou rekòmandasyon gwoup travay yo, Gouvènè a pibliye yon Dekrè Egzekitif ki pèmèt kreyasyon sit siplemantè imedya pou ogmantasyon akouchman

Rapò konplè gwoup travay la disponib [isit la](#)

Jodi a Sekretè Gouvènè Melissa DeRosa te pibliye yon rapò bay Gouvènè Cuomo ki ekspoze rekòmandasyon inisyale Gwoup Travay sou Matènite (Maternity Task Force) COVID-19 yo. Gouvènè Cuomo deja aksepte rekòmandasyon sa yo konplètman. Rekòmandasyon yo enkli mezi pou divèsifye opsyon sit akouchman yo ak sipòte chwa pasyan yo; pwolonje peryòd tan yon moun pou sipò ki an sante ka akonpanye yon manman apre akouchman an; egzije tès pou tout Nouyòkè ki ansent yo; asire ekite nan opsyon akouchman yo; kreye yon kanpay edikasyonèl; ak revize konsekans COVID-19 la sou gwosès ak tibebe ki fenk fèt yo ak anfaz espesyal nan redui disparite rasyal nan mòtalite matènèl Rapò konplè gwoup travay la disponib [isit la](#).

"Nan mitan pandemi sa a anpil fanm ap konbat ak strès adisyonèl avèk enkyetid ke ensètitid viris sa a lakoz ak kijan li ta ka afekte gwosès oswa plan akouchman yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Mwen rekonesan anvè fòs travay la pou travay rapid yo, e mwen aksepte tout rekòmandasyon yo ki pral ede rezoud pwoblèm ke anpil fanm ap fè fas epi asire yon gwosès ki an sekirite ak an sante pou tout moun."

"COVID-19 lakoz gwo strès lakay fanm ak paran yo prepare yo ki ap tann ki ap prepare pou pote yon timoun nan mond sa a nan mitan pandemi mondyal sa a", **Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Eta New York la sou Fanm ak Ti Fi (New York State Council on Women and Girls), te di konsa**. "Mwen fyè ke pandan moman ensèten sa yo, New York ap trase chemen an pou asire yo byen sipòte

epi pran swen manman k'ap travay yo san danje. Règleman yo ke yo te avanse jodi a yo pral aplike imedyatman pou adrese laperèz ki trè valab ak enkyetid ke anpil fanm yo kounye a ap fè fas a, ak nan adrese pwoblèm ki afekte gwosès ak ti bebe yo."

Premye rekòmandasyon: Divèsifye opsyon sit akouchman yo pou sipòte chwa pasyan an

Manm Gwoup Travay yo rekòmande pou Gouvènè Cuomo pibliye yon Dekrè Egzekitif pou pèmèt kreyasyon sit sipleman imedyata pou ogmantasyon ka akouchman ki opere pa lopital ak sant ki gen lisans ki aktyèlman etabli.

Gwoup Travay la rekòmande tou pou yo mande Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la pou li devlope yon pwosesis senp pou aksepte aplikasyon ki soti nan enstalasyon swen sante ki gen lisans, tankou sant sante kominotè ak sant sante kalifye federalman, pou konvèti espas ki pa sèvi nan etablisman yo pou dedye yo a tranche ak akouchman pandan yon ijans. Gwoup Travay la rekòmande tou pou Eta a limite sant akouchman ijans yo nan enstalasyon ki gen lisans yo.

Anplis, pou ogmante aksè ak sèvis fanm saj yo, Gwoup Travay la rekòmande pou DOH bouje pou akselere, nan pwochen 45 jou yo, finalizasyon pwosesis lisans lan pou etablisman sant akouchman kote se fanm saj k'ap dirije yo nan Eta New York pou asire gen ase etablisman ki disponib pou reponn ak bezwen kominote a pandan sitiyasyon ijans yo.

Dezyèm rekòmandasyon: Pwolonje peryòd tan yon moun pou sipò ki an sante ka akonpaye yon manman apre akouchman an

Gwoup Travay la rekòmande pou Gouvènè Cuomo mete Dekrè Egzekitif 202.13, la ajou ki otorize omwen yon moun pou sipò pou akonpaye yon moun ki ansent pandan dire sejou li nan nenpòt ki lopital, etablisman akouchman oswa inite apre akouchman, jan sa apwopriye medikalman. Dekrè sa a dwe klarifye ke "dire sejou a" gen ladan tranche, akouchman ak peryòd apre akouchman, ki gen ladan rekiperasyon. Dekrè sa a ta dwe tou klarifye ke fanm saj yo konsidere kòm yon pati esansyèl nan ekip swen sipò a epi yo ta dwe pèmèt yo akonpaye yon moun ki ansent pandan tranche ak akouchman kòm yon moun pou sipò anplis, jan sa apwopriye medikalman. Eksepsyon yo ta dwe fèt sèlman nan sikonstans limite epi baze sou konsèy klinik, tankou disponiblite PPE a.

Twazyèm rekòmandasyon: Egzije tès pou tout Nouyòkè ki ansent yo

Gwoup Travay la rekòmande pou tès COVID-19 inivèsèl pou tout moun ki ansent ak pou tout moun pou sipò ki akonpaye moun ki ansent yo nan etablisman akouchman yo, kòm tès yo vin disponib.

Gwoup Travay la rekòmande tou pou DOH bay konsèy pou tès COVID-19 ki defini moun ki ansent kòm yon popilasyon priyorite pou fè tès epi deklare ke moun ki ansent yo pral teste pandan gwosès la ak yon semèn anvan dat limit yo prevwa akouchman an oswa sou admisyon si dezyèm egzamen an pa fèt yon semèn anvan akouchman an.

Gwoup Travay la rekòmande tou pou DOH kontwòle disponiblite materyèl pou fè tès yo pou sipòte aksè ekkitab ak kit tès yo ak analiz laboratwa yo pou tout moun ki ansent nan tout anvivònman akouchman yo.

Katriyèm rekòmandasyon: Asire Ekite nan opsyon akouchman yo

Gwoup Travay la rekòmande gwoup travay yo ki gen responsabilite pou devlope estanda yo, politik yo ak/oswa règleman yo ki gen rapò ak opsyon akouchman yo devlope ak patisipasyon manm yo nan kominote a.

Gwoup Travay la tou konseye ke DOH idantifye ak angaje manm kominote a ak reprezantan nan domèn sante matènèl timoun yo ki ap sèvi òganizasyon yo ki baze nan kominote a rejwenn yon gwoup travay nan Eta New York sou Gwoup Travay sou Matènite COVID-19 ki anchaje ak devlopman yon kanpay pou bay mesaj ak yon kanpay edikatif ki vize moun ki pi afekte akòz rezilta rassyal/etnik, ekonomik oswa lòt rezilta diferan.

Senkyèm ekòmandasyon: Kanpay edikatif

Gwoup Travay la rekòmande pou DOH angaje ekspè yo nan sijè a, manm kominote yo ak reprezantan ki soti nan òganizasyon ki baze nan kominote a k'ap sèvi popilasyon sante matènèl ak timoun yo pou kreye yon kanpay edikatif nan non Gwoup Travay sou Matènite COVID-19 la. Kanpay sa a ta fèt pou:

- Mete aksan sou sekirite ak rekonstwi konfyans nan swen matènite nan tout etablisman akouchman sètifye yo;
- Eksplike pratik kontwòl enfeksyon yo nan chak tip etablisman akouchman; ak
- Ogmante konpreyansyon pasyan yo sou diferan nivo swen matènite ak tip atablisman akouchman yoansanm ak fason pou travay ak founisè ou a chwazi akouchman apwopriye ki santre sou pasyan an.

Sizyèm rekòmandasyon: Evalyasyon enpak COVID-19 yo sou gwosès ak tibebe ki fenk fèt ak anfaz espesyal sou redui disparite rasyal nan Mòtalite matènèl

Gwoup Travay la rekòmande pou DOH travay avèk Pwogram Sante Matènèl & Timoun (Maternal & Child Health Program) nan University at Albany School of Public Health pou fè yon evalyasyon sou enpak COVID-19 sou gwosès epi diskite yon rezime rezilta li jwenn yo ak Gwoup Travay la ak Sant Pwofilaktik Rejyona (Regional Perinatal Centers) yo.

DOH pral òganize chak semèn webinè entèaktif nan eta a k'ap adrese jesyon swen matènite pandan pandemi a jan sa nesesè nan kad yon kolaborasyon ak Kolaborasyon Kalite Pwofilaktik (Perinatal Quality Collaborative) Eta New York an patenarya avèk American College of Obstetrics and Gynecology District II (Kolèj Ameriken Obstetrik ak Jinekoloji Distri II). DOH pral òganize tou yon webinè sou swen obstetrikal ak prejije enplisit nan kontèks COVID-19 la. DOH pral kolabore tou avèk Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) sou yon Modil Gwosès COVID-19 (COVID-19 Pregnancy Module) ki pral pran done siplemantè sou COVID-19 pandan gwosès la.

Modil sa a pral ede dekri risk pou maladi grav oswa rezilta negatif pami moun ki ansent ki gen prèv laboratwa nan enfeksyon COVID-19 jiska akouchman, ak tibebe ki fenk fèt yo, pou enfòmasyon konsèy sante piblik ak mesaj kominikasyon risk yo.

Depatman an ak American College of Obstetrics and Gynecology District II pral bay konsèy sou pi bon pratik, ki gen ladan swen prenatal, pandan moman COVID la, ak yon anfas espesyal nan diminye diferans rasyal yo.

Enfòmasyon sou Gwoup Travay Matènite COVID-19 Eta New York la

Nan mwa avril 2018, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon inisyativ ki gen plizyè fasèt pou konbat mòtalite matènèl ak rezilta diferans rasyal nan Eta New York.

Kontinye angajman Eta New York pou amelyore rezilta matènèl ak timoun epi rekonèt presyon enpòtan pandemi COVID-19 la mete sou enfrastrikti lopital la ak enkyetid anpil moun ki ansent nan Eta New York, Gouvènè Cuomo te mande Konsèy Eta New York sou Fanm ak Tifi (New York State Council on Women and Girls), avèk sipò Depatman Sante Eta New York, pou konvoke yon gwoup travay ekspè pou adrese enpak COVID-19 la sou matènite. Prezide pa Sekretè Gouvènè a Melissa DeRosa a, Gwoup Travay la te anchaje pou egzamine pi bon apwòch pou bay manman yo yon altènativ san danje, lè sa apwopriye, pou lopital ki deja gen strès nan mitan pandemi COVID-19 ki ankou a.

Konpoze de yon gwoup milti-disiplinè ki se pwofesyonèl sante matènèl ak tibebe ki soti nan tout Eta New York, Gwoup Travay la te rankontre adistans pou diskite sou pwoblèm sa yo epi pwopoze rekòmandasyon yo. Etandone ijans COVID-19 ak enpak li sou moun ki ansent yo, reyinyon Gwoup Travay la te fèt nan yon semèn pou fè yon premye seri rekòmandasyon. Anplwaye DOH yo te konpile e analize r ekòmandasyon yo epi yo te pataje yo avèk manm Gwoup Travay la, ki te revize sa yo te soumèt ba yo a e yo te pran yon detèminasyon kolektif pou avanse rekòmandasyon ki endike anba a yo.

Kòm kriz COVID-19 la ap kontinye deplwaye, Gwoup Travay la ap rete sou plas ak konsidere lòt fason pou adrese pwoblèm ki gen konsekans sou gwosès ak ti bebe, kòmanse avèk revizyon nan literati ki enpòtan ke DOH fè ak Pwogram Sante Matènèl ak Timoun Inivèsite School of Public Health la nan Albany.

Anvan kreyasyon Gwoup Travay la, Eta New York te franchi plizyè etap pou elaji aksè pou jwenn aksè ak swen matènèl pandan pandemi COVID-19 la, tankou:

- Elaji aksè ak telesante ak vizit pa telefòn;
- Ogmante aksè a fanm saj yo pou asire ke gen sifizamman pèsònèl ki disponib pou bay swen matènite;
- Egzije prezans yon moun pou sipò pandan tout pwosesis akouchman an ak rekiperasyon an;
- Otorize obstetrisyen-jinekolog ak fanm saj ki andeyò eta ki soti nan lòt eta yo pou yo egzèse nan New York pou amelyore kapasite ogmantasyon an; ak
- Idantifye sèvis sante seksyèl ak repwodiktif kòm esansyèl.

Manm ki nan Gwoup Travay Matèniste sou COVID-19 la yo gen ladan:

- Christy Turlington Burns, fondatè Tout Manman Konte (Every Mother Counts)
- Christa Christakis, MPP - ki se Direktris Egzekitif, American College of Obstetricians & Gynecologists District II
- Sascha James-Conterelli, DNP, RN, CNM, FACNM - ki se Prezidan Asosiyasyon Fanm Saj ki Gen Lisans nan New York (New York Association of Licensed Midwives)
- Loretta Willis, ki se Vis Prezidan nan Kalite ak Rechèch, Healthcare Association of NYS
- Lorraine Ryan, ki se Vis Prezidan Prensipal Zafè Regilasyon Jiridik ak Pwofesyonèl Greater NY Hospital Association (Asosiyasyon Lopital Greater NY nan Zafè Regilasyon Jiridik & Pwofesyonèl)
- Rose Duhan, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral nan Community Health Care Association of NYS (Asosiyasyon Swem Sante nan NYS)
- Ngozi Moses, Direktris Egzekitif nan Brooklyn Perinatal Network (Rezo Pwofilaktik nan Brooklyn)
- Nan Strauss - Tout Manman Konte (Every Mother Counts)
- Dr. Deborah E. Campbell, MD - Sant Medikal Montefiore (Montefiore Medical Center)
- Whitney Hall, CCE, LM, CLC - Prezidan NYS Association of Birth Centers (Asosiyasyon Sant Akouchman nan NYS)
- Natasha Nurse-Clarke, PhD, RN - Kowòdonatris Sant Pwofilaktik Rejyonal, Maimonides
- Doktè Dena Goffman, MD - NYP/Columbia
- Rev. Diann Holt - Fondatris/Direktris Egzekitif Durham's Baby Café
- Cynthia Jones, MD, MPH - Sant Sante Mosaic (Mosaic Health Center)

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)